

# Inkuru mu Kirundi

Umurwi ujejwe amatora i Queensland (ECQ) uzohagararira amatora ya Reta, amatora ya reta yo mu micungararo hamwe n'amatora y'inganda i Queensland.

Amatora y'iyindi reta yo mu micungararo azoba italiki 28 Ntwarante 2020.

Ayandi matora yoku rwego rw'igihugu cose azoba italiki 31 Gitugutu 2020.

## Ntegerezwa kwiyandikisha?

Ni ngombwa kwiyandikisha no gutora reta yo mu micungararo, reta yo mu karere, reta y'igihugu cose hamwe na reta zunze ubumwe iyo:

- Ufise ubwene gihugu bwa Australia canke ukaba umwongereza yenerewe gutora
- Umaze imyaka 18 canke irenga, Kandi vyongeye
- Ukaba wabaye aho ushobora kurondererwa n'imiburiburu ukwezi kumwe.

Icongeyeko, abafise imyaka 16 na 17 barashobora kwiyandikisha ivy'agateganyo kandi bakazoronka uburenganzira bukwiye igihe bazoba bahimbaza isabukuru yabo y'amavuka y'imyaka 18.

## Ingene biyandikisha

Urashobora kwiyandikisha kugira ngo uzotore biciye mu kwuzuza [enrolment form in English](#) canke kuri [website](#) y'umurwi ujejwe amatora wo muri Australia

## Notora gute mu matora?

Hariho inzira nyinshi umuntu ashobora gutoramwo, mbere naho yoba ari hanze y'igihugu ca Australia ku musi w'amatoro. Muri izo nzira harimwo gutora imbere y'umusi w'amatora (imbere y'amatora), gutorera mu kazu k'ubwiherero ko gutoreramwo ku musi w'amatora, gutora ukazorungika ijwi ucishije mu buryo bwa posta canke ugatorerakuri telephone ku bantu bemerewe gutora.

Izindi nkuru nyinshi ku bijanye n'amatora y'i Queensland uzisanga muri ECQ [Multilingual Voting Guide](#).

## Noba nkeneye uwunsobanurira?

Nimba ukeneye izindi nkuru zirengeye izo dushize ahabona, urashobora kuraba ECQ ubicishije ku musobanuzi, ku murongo wa telephone 0730821419.

## Ushaka kuturondera

ECQ ikorera kuri Level 20, 1 Eagle Street, Brisbane QLD 4000.

Urashobora kwakura kuri ECQ kuri 1300 881 665, urashobora kurungika ivyo ushaka ku buhinga ngurukanabumenyi aha [ecq@ecq.qld.gov.au](mailto:ecq@ecq.qld.gov.au) canke ukaturungikira fax kuri (07) 3036 5776.

Igihe woba uri hanze y'igihugu, utwakure kuri +617 3035 8103.